

Yon prensip jesyon Genyen pwòp biznis ou



“Menmjan rich koumande pòv, menmjan an tou moun ki dwe rete ak moun ki prete yo lajan.” Pwovèb 22:7

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Konbyenfwa nou tande fraz sa a, “Mwen vle genyen pwòp biznis mwen yon fason pou m vin chèf tèt mwen.” Sa sonnen byen men moun louvri biznis yo epi yo dekouvri se pa yomenm ki vreman patwon...sizanka yo t a vle genyen siksè. Òdinèman, pou yon moun ki nan biznis genyen siksè genyen 4 patwon li dwe rann kont—

1. Gouvènman: Monnonk Sam va kontwole biznis ou, epi li va fè w konnen kimoun ki patwon. Si w travay di epi w fè bagay yo byen, li va siveye w pi plis pandan li va enpoze w sanksyon. Li kapab pa gen rezon toutan, men li va toujou la pou l kontwole w.
2. Kliyan: Yo va dikte w sa pou fè, kijan pou sèvi yo epi egzije w fè sa ak kè kontan, tousa si w vle genyen siksè.
3. Labank oswa moun ki prete w lajan: depi moun ki dwe se restavèk moun ki prete l, ou va onèt epi emab ak li ousinon li va koupe kredi w. li p ap genyen pitye pou ou si w rate yon peman.
4. Anplwaye w: Yo genyen yon wòl nan echèk oswa siksè w. Yo pa esklav, ou dwe trete byen ousinon ou p ap jwenn yo.

Donk, gen pwòp biznis ou pa fòseman vle di w se patron tèt ou, paske biznis se sèvi lòt moun ak bezwen yo.

Sepandan gen pwòp biznis nou genyen anpil bon bagay pou ofri si nou dispoze

Peye pri an. Genyen anpil rezon nou vle genyen pwòp biznis nou. Paegzanp, se gendwa dezi Bondye

ba w. Paske Bondye di, “Mwen ba w [lòm] dominasyon sou tout bagay; ou va miltipliye [devlope] epi koumande latè [domine]” (Jenèz 1:28). Nou te fèt ak ensten pou nou koumande epi konkeri. Lòm te fèt pou latè. Se tankou si Bondye te kreye yon biznis epi li te mete lòm pou dirije l. Lè lòm vin mèt bagay li devlope li jwenn ankourajman pou li dirije byen. Nou te fèt tankou imaj Bondye epi nou te pòtre ak li, estil nou ta dwe tankou pa li. Biznis pa toujou fasil, pandan n ap enplwaye epi n ap fè konkirans youn ak lòt. Sa kapab lakòz konfli ak fristrasyon. Donk li enpòtan pou nou sèvi youn ak lòt pou nou etabli zòn ak jiridiksyon pou noumenm ak biznis nou. Nou dwe toujou gen konsiderasyon pou parèy nou, paske limenmtou li vle koumande.

Moundebyen ki gen biznis jwi responsabilite yo genyen kòm mèt biznis yo. Yo renmen l epi yo santi yo byen epi yo renmen ale nan travay yo. Se Bondye ki rele yo nan biznis yo menmjan ak pastè li rele vin sèvi l nan legliz. Yo pa janm fatigue, yo plen enèji, epi yo genyen yon atitid pozitif.

Yo pa pè pwoblèm epi yo pran risk. Yo konsidere Bondye tankou patnè

yo, ki te bayo talan epi yo sòti pou yo ogmante valè don Bondye te bayo. (Matye 25:15).

Sa fè moun ki mèt pwòp biznis yo santi yo byen. Rezilta travay yo se richès. Moun ki genyen biznis tankou Salomon ki te chwazi sajè pou l jere (koumande). Pandan li t ap vin saj, li resevwa richès, lonè ak renome. Fè atansyon paske vin pwopriyete mande pran responsabilite e genyen anpil moun ki pa aksepte pwendvi sa a. Yo ava epi yo kite lajan pran tèt yo san yo pa genyen ankenn pitye pou lèzòt. Yo va bay manti, twonpe epi volè pou yo jwenn sa yo vle. Men si n ap fè biznis pou rezon ki kòrèk, sa kapab pote anpil rekonpans. Se konsa Bondye te prevwa li.

Prensip sa se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Siksè.

Panse pou medite:

Diferans ant rich ak pòv se nan manyè yo jere lavi yo.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete